

Bilten #6

AKADEMI KREYÒL AYISYEN

Piblikasyon oktòb 2019



Foto souvni ansyen ak nouvo Mann Konsèy Administrasyon AKA, Janvye 2018. De goch a dwat.

ESTEUS Marie Rodny Laurent, BAZILE Emmanuel Michel, FRANCOIS Rosilia CORNEILLE, GRANDOIT Michel Frantz, TROUILLOT Marie Jocelyne, PIERRE Pierre-André, JEAN-BAPTISTE Jean Pauris, CHERY Pierre Michel, CHANCY Magloire Adeline, MENARD Guy Gerérald

Tit yo

• Editorial	P.2	• Bon jan teknik pou anseye lang kreyòl	P.8
• Enstalasyon nouvo Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an	P.3	• Tout elèv segondè renove yo dwe konpoze an kreyòl nan egzamen ofisyèl yo	P.8/9
• Lansman Mwa lang ak kilti kreyòl 2018	P.4	• 2 ^{èm} seri fòmasyon sou Kominikasyon kreyòl nan medya te fèt nan depatman Latibonit	P.9
• Kloti Mwa lang ak kilti kreyòl 2018: Plas Dam Gonayiv te chofe.	P.5	• AKA fè yon virewon nan Site Solèy	P.10
• Akademi Kreyòl Ayisyen siyen non li nan Mòn Blan, Gonayiv	P.6	• Kèk lekòl te vizite AKA	P.10
• Akademi Kreyòl Ayisyen resevwa vizit Minis Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pfowesyonèl la, Pierre Josué Agénor CADET	P.6	• AKA ak UNESCO angaje yo nan pwodiksyon dokiman kreyòl sou jesyon ris ak dezas	P.11
• Anseye matematik an Kreyòl kapab tounen yon reyalite	P.7	• Kalandriye aktivite AKA pou Mwa lang ak kilti kreyòl 2019 la	P.11

EDITORIAL

Kreyòl dwe pran wout pou li vin lang ofisyèl tout bon!

Lang yon pèp pote sou do li tout sa pèp la genyen nan kilti li tankou : valè, istwa, eritaj kiltirèl, elatriye. An Ayiti, lang kreyòl la se senbòl ki pi vizib pou reyalite sila a.

Atik 5 Konstitisyon 1987 la klè : «Sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm, se lang Kreyòl. Kreyòl ak Franse, se lang ofisyèl Republik Ayiti». Tout konsiderasyon ki chita sou yon baz objektif ap montre klè tankou dlo kòk, Konstitisyon peyi Ayiti deja montre ki prensipal lang ki lang pèp ayisen an.

Yon senp analiz nan premye pati Atik sila a montre priyorite lang kreyòl la sou lang franse epi gade lang kreyòl la nan plizyè dimansyon: se lang ki simante tout Ayisyen ansanm epi li se lang ofisyèl tou.

Nan sans sa a, plis pase yon zouti komunikasyon, kreyòl se lang santiman nou, lang pasyon nou, lang istwa nou, lang soufrans nou, lang kè kontan nou, elatriye..

Men, malgre Konstitisyon peyi Ayiti pa pase nan chimen dekoupe sou kesyon sa a, pwoblematik kreyòl kòm lang ofisyèl la toujou rete yon sijè preyokipasyon nan mitan lengwis, chèchè, etnològ, antwo pològ, sosyològ, elatriye.. Se yon pwoblèm ki konplèks lè

nou konsidere kalite obstak ki kanpe devan lang sila a. Lang kreyòl ayisen an, se li menm ki konekte tout Ayisyen ak tradisyon yo, kilti yo, istwa yo ak tout abitid epi pratik sosyete ayisen an.

Yonn nan gwo misyon Akademi Kreyòl Ayisen an, se fèpwomosyon lang kreyòl ayisen an toupatou epi envite tout aktè ki konsène travay pou rive bay popilasyon an sèvis nan lang li.

Akademi Kreyòl Ayisen an pa janm sispann, depi kreyasyon li, envite tout moun pote kole nan batay l ap mennen pou lang kreyòl la okipe vrè plas li jan manman lwa peyi a egzije sa. Si Konstitisyon an klè Kreyòl se lang ofisyèl, rete yon lòt gwo travay. Sa vle di, pou lang Kreyòl ayisen an vin lang ofisyèl tout bon vre, tout enstisyon. Leta kou prive dwe respekte alalèt sa Manman lwa peyi a di sou kesyon sila a. Pa dwe gen jwèt voye wòch kache men.

Tout konsta nou fè montre, sèvis k ap rive jwenn popilasyon an pa an kreyòl. Atik 5 Konstitisyon 1987 la rete yon rèv pou anpil Ayisyen paske Leta pokò vrèman deside aplike atik sila a kòrèkteman. Se lè tout sèvis popilasyon an rive jwenn li nan lang li, lang kreyòl ayisen an ap vin lang ofisyèl peyi

a tout bon vre.

Lè nou pale de sèvis, nou wè edikasyon, mesaj k ap pase nan radyo, televizyon, emisyon, reklam, ekriti sou medikaman. Pa egzanp: nou ka mande, kòman fè an Ayiti ekriti ki sou medikaman yo nan yon lang pèp ayisen an pa konprann?

Gen medikaman ki rive an Ayiti nan tout kalite lang. Kijan popilasyon ayisen an ka evolye nan mòd pratik sila yo k ap koukouman Konstitisyon peyi a? Yon sosyete ki bay lang li valè, se yon sosyete ki konsidere tèt li kòm yon kominate kiltirèl, lengwistik, sosyal epi istorik.

Nan sans sa a, toupatou, nan tout aktivite, popilasyon ayisen an dwe jwenn sèvis nan lang li paske se yon obligasyon konstitisyonèl.

Akademi Kreyòl Ayisen p ap rete bra kwaze nan kad misyon Konstitisyon an ba li pou fè respekte lang kreyòl ayisen an. Se moman pou AKA salye travay tout chantè, konpozitè, mizisyen, ekriven ak tout lòt kreyatè ki toujou kanpe kinalaganach pou pwodui nan lang pèp ayisen an.

**Sekretarya Egzekitif
Akademi Kreyòl Ayisen**

Enstalasyon nouvo Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an

4^{ème} Asanble Jeneral Akademi Kreyòl Ayisyen an te dewoule nan dat 15, 16 ak 17 desanm 2018, nan Otèl Wozo Plaza ki chita nan komin Mibalè, Plato Sentral. 26 Akademisyen te preznan nan Asanble sila a.

Akademisyen yo te abòde divès gwo kesyon ki konsène lavi enstitisyon an. Pami kesyon sila yo: Rezolisyon sou Kòd etik enstitisyon an, Rezolisyon sou nouvo Kowòm Konsèy Akademisyen an, Rezolisyon sou Sispansyon yon Akademisyen, elatriye..

Se te okazyon tou pou Akademisyen yo te vote sèt (7) nouvo Manm Konsèy Administrasyon an (KAD). Se Akademisyen Pierre-André PIERRE Asanble a te eli kòm Prezidan pou ranplase Akademisyen Jean Pauris JEAN-BAPTISTE.

Nan dat 18 janvye 2019, Akademi Kreyòl Ayisyen an te òganize yon seremoni ofisyèl nan lokal li, Tijo, Pòtoprens, kote nouvo Konsèy Administrasyon an antre an fonksyon.

Nan diskou sikontans li, nouvo Prezidan KAd la, Akademisyen Pierre-André PIERRE deklare li kontan paske ansyen ak nouvo Konsèy la te kwaze ansanmpou fè travay AKA epienvite tout anplwaye yo kolabore pou enstitisyon an kontinye vanse, paske se ansanm daprè sa li di, Akademi an kapab reyisi misyon Lalwa ak Konstitisyon an fikse.

«Travay la se pa Akademisyen yo sèlman ki pral fè li, se ansanm nou pral vanse. Mwen envite nou travay ansanm pou nou ranpli misyon nou genyen an », se kèk mo Prezidan Pierre-André PIERRE te pwononse nan diskou li pandan seremoni enstalasyon nouvo KAd la.

Nouvo Prezidan Akademi an anonse li pral pran tout dispozisyon nan lide pou tout desizyon ki te pran anvan li yo rive aplike kòmsadwa.

Akademisyen Jean Pauris JEAN- BAPTISTE sot pase kat (4) lane ap dirije Akademi an soti desanm 2014 rive desanm 2018. ●



Manm nouvo Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen (2018-2020)

HYPPOЛИTE Michel Ange, BAZILE Emmanuel Michel, TROUILLOT Marie Jocelyne , PIERRE Pierre-André, FRANCOIS Rosilia CORNEILLE, MENARD Guy Gérard, GRANDOIT Michel Frantz

Lansman Mwa lang kreyòl 2018 nan Ministè Kilti ak Kominikasyon

Se nan kad pwogram « Les Lundis de la Presse », nan Ministè Kilti ak Kominikasyon, lendi 1^e oktòb 2018 la, Akademi Kreyòl Ayisyen te lanse ofisyèlman selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl la. Dirijan Akademi an te anonsé tout aktivite selebrasyon an ap dewoule sou tèm : **«Tankou tout lang, kreyòl gen règ li, an nou respekte yo !».**

Pou okazyon an, Prezidan Akademi an, Jean Paulis JEAN-BAPTISTE te pwofite prezante mesaj AKA ki mande tout moun ak tout enstitisyon respekte règ ak prensip lang kreyòl la kit se nan pale, kit se nan ekri, epi li te envite tout sosyete a òganize aktivite pou make mwa oktòb la, ki se mwa tout pèp kreyolofòn sou latè selebre patri mwàn lengwistik ak kiltirèl yo.

Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen an, Madam Luna GOURGUE, bò kote pa li, te prezante kalandriye divès aktivite AKA genyen pou li òganize nan tout peyi a pou okazyon an. Li fè konnen Gonayiv se vil Akademi an chwazi pou li selebre Mwa kreyòl ane a pandan 1 ap genyen pou li òganize aktivite nan divès lekòl, inivèsite ak espas kiltirèl nan peyi a.

Sekretè Leta Kominikasyon an, Mesye Eddy Jackson ALEXIS te pran la pawòl pou li esprime volonte gouvènman an pou li bay popilasyon an tout sèvis li bezwen nan lang kreyòl ayisyen an. Apre prezantasyon ofisyèl AKA ak Sekretè Leta

Kominikasyon an, AKA te louvri mikwo a pou jounalis ki te preznan yo. Majorite kesyon yo te chita sou fason enstitisyon Leta tankou prive trete lang kreyòl la.

Yon jounalis te pran pa egzanp, kèk biwo Leta ki refize bay sitwayen yo sèvis an kreyòl, sa ki reprezante yon vyolasyon dwa lengwistik popilasyon an. Responsab Akademi Kreyòl Ayisyen yo reya ji pou fè konnen Akademi an antreprann divès demach bò kote lòt enstans nan Leta a pou sansiabilize responsab yo sou kesyon an. Responsab yo fè konnen travay pou valorize lang kreyòl la se travay tout Ayisyen alawonbadè, kit li nan enstitisyon Leta, kit li nan enstitisyon prive. Yo fè konnen popilasyon an dwe egzije enstitisyon yo, Leta kou prive, ba li sèvis nan lang li.

Yon lòt kote, Akademi an òganize nan dat vandredi 5 oktòb 2018 yon kokennchenn aktivite kiltirèl nan Sine Triyonf avèk anpil dans, chan ak deklamasyon. Akademi an te pwofite remèt plak Onè ak Merit bay twa (3) enstitisyon ak yon pèsonalite ki batay anpil pou lang ak kilti kreyòl la jwenn plas li toutbon vre nan sosyete ayisyen an: Jounal Bon Nouvel, Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS), Radyo Tele Ginen epi ekriven Frankétienne. Enstitisyon yo, potorik kreyatè a, Frankétienne, tout te pran lapawòl pou di jan yo kontan resevwa omaj sila a nan men Akademi Kreyòl Ayisyen. ●



Foto souvni konferans lansman mwa lang kreyòl la

Plas Dam Gonayiv te chofe nan kloti Mwa lang ak kilti kreyòl 2018 la



AKA remèt Emeline MICHEL yon plak onè ak merit

Dean yon asistans byen motive, Akademi Kreyòl Ayisyen selebre, samdi 27 oktòb 2018, sou Plas Dam Gonayiv, Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl nan yon koudjaj kiltirèl ak atistik san parèy.

Reprezantan divès patnè AKA tankou: Meri Gonayiv, UNESCO ak Direksyon Depatmantal Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl te pran lapawòl nan seremoni sila a pou yo manifeste enterè yo pou lang ak kilti kreyòl la epi temwànye kontantman yo paske Akademi Kreyòl Ayisyen chwazi vil Gonayiv pou tout yon semèn aktivite.

Plizyè gwoup mizikal ak atistik nan vil Moris Sisto a, tankou SOYETO, Freda Edisyon, Prod'art, san blyie tanbourinè Atchassou (nèg Lakou Souvnans), te siyen non yo ak yon seri pretasyon ki benefisye gwo aklamasyon ak kri satisfaksiyon publik la.

Emeline MICHEL, moun Gonayiv, envite espesyal celebrasyon an, te chofe foul la ak plizyè moso mizik pou mete bout nan sware celebrasyon an.

Nan mitan espektak la, atis la pate bouke motive publik la sou enpòtans lang kreyòl la ki se yonn nan pi gwo ak pi rich eritaj peyi Ayiti, yon eritaj, daprè sa li di, tout

Ayisen dwe travay pou kenbe djanm. Avèk anpil fyète, Diva nasyonal la konfye publik la valorizasyon lang ak kilti kreyòl ayisen an jwe yon gwo wòl nan siksè ak apresasyon li menm ak mizik li yo jwenn toupatou nan lemonn.

Pou te mete yon bout nan kokenchenn celebrasyon sila a, nan vil Gonayiv, Akademi Kreyòl Ayisen remèt de (2) plak onè ak merit: yonn bay Meri Gonayiv pou kolaborasyon li toujou bay AKA epi yon lòt bay Diva Emeline MICHEL pou gwo kontribusyon li nan fè pwomosyon ak nan valorize lang kreyòl la atravè mizik li yo toupatou kote li pase. Ochan pou Diva Emeline MICHEL. ●

Akademi Kreyòl Ayisyen siyen non li nan Mòn Blan (Gonayiv)

Plizyè dizèn elèv lekòl, Akademisyen, pwofesè, manm Komite rejyonal sele-brasyon Mwa lang ak kilti kreyòl la melanje ak plizyè anplwaye AKA mete nan tè plis pase yon santèn plant sou teren AKA Meri Gonayiv fè li kado nan Mòn Blan nan lane 2016. Chak moun plante yon pyebwa, yon jès ki tradui volonte Akademi an pou li bay tèt li mwayen pou fè travay li byen nan peyi a. Se konsa, Akademi an te dekouvrir ansèy ki sou teren li genyen nan Mòn Blan nan Komin Gonayiv, samdi 27 oktòb 2018 la. Se sou teren sa a Akademi an ap gen pou konstwi lokal li nan Depatman Latibonit la. ●



Operasyon plante pye bwa sou teren Akademi an nan Mòn Blan, Gonayiv

Vizit Minis Edikasyon Nasyonal la nan Akademi Kreyòl Ayisyen

Minis Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl la, Pierre Josué Agénor CADET, vizite Akademi Kreyòl Ayisyen nan dat 28 septanm 2018. Objektif vizit sa a te chita sou respè pwotokòl akò ki egziste ant de (2) enstitisyon yo ki konsène pi bon fason pou yo kolabore pou pèmèt lang kreyòl la sèvi nan tout nivo anndan sistèm edikatif ayisyen

an ak nan administrasyon MENFP. Nan okazyon sa a, Prezidan Akademi an, Jean Pauris JEAN-BAPTISTE te mansyone tonbelevé ki genyen nan ansèyman ayisyen an ak nan ensitisyon publik yo kote yo pa pale kreyòl la toutbon. Minis CADET bò kote pa li te pwomèt pou li travay pou kreyòl la jwenn vrè plas li nan tout enstitisyon Leta kou prive sitou nan tout lekòl sou tèritwa a. ●



Foto souvni vizit Minis Edikasyon Nasyonal Pierre Josué Agénor CADET nan Akademi Kreyòl Ayisyen, 28 septanm 2018

ESTEUS Marie Rodny Laurent, CHERY Pierre Michel, CADET Pierre Josué Agénor, JEAN-BAPTISTE Jean Pauris, CHANCY Magloire Adeline, PIERRE Pierre-André,

Anseye matematik an kreyòl kapab tounen yon reyalite

Anpil moun toujou mande èske li posib pou ansèyeman matematik fêt an kreyòl? Moun k ap obsèvè konsate ansèyman matematik la fêt an fransè. Esplikasyon yo bay an fransè san blye vokabilè yo itilize yo, yo menm tou yo an fransè. Alòske tout elèv ayisyen se kreyòl yo pi byen konprann. Se nan lide pou poze pwoblèm sa a ak yonn nan aktè ki pi konsène nan kesyon sa a, tankou pwofesè matematik, Akademi Kreyòl Aysyen te òganize, nan dat 10 oktòb 2018, yon atelye ki gen kòm tèm li:

«Ansèyman Matematik an Kreyòl: Defi, Mwayen ».

Akademisyen Pierre Michel CHÉRY deklare: «Lekòl se kote pou nou aprann rezoud pwoblèm k ap boulvèse sosyete a. Malerezman, lekòl an Ayiti aprann sitwayen yo detache yo, dekole yo ak sosyete a.»

Nou pa dwe fè lasyans anlè anlè. Nou dwe fè lasyans paske nou gen yon bezwen. Li esplike menmsi anseye matematik an Ayiti nan lang kreyòl kapab bay kèk ti pwoblèm pou kounye a, sa pa ka jistifye pou lekòl yo kontinye ap anseye yon matyè ki gen tout enpòtans konsa nan yon lang pifò elèv yo pa konprann.

«Esperyans sa a vin fè mwen konprann, depi plis pase 33 lane m ap anseye matematik la, mwen te nan gwo erè paske anpil elèv sanble pa te jamm rive konprann konsèp ak fòmil matematik yo vrèman », nou t ap site pwofesè MATHURIN ki ajoute rapò li degaje ak lang kreyòl la pa sèlman yon rapò inivèsité, se pito yon rapò sosyal li ranmase nan sa li viv, nan echanj, nan boukantay, nan pataj ak esperyans.

Anpil egzèsis te anime jounen an. Patisipan yo te pran anpil plezi nan okazyon jounen fòmasyon sa a, Akademi an te òganize nan okazyon selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl 2018 la.

Patisipan yo te esprime kontantman yo pou inisyativ sila a yo estime ki ta dwe kontinye, yon fason pou ansèyman matematik la kapab vin pi itil elèv Ayisyen yo.

Ministè Edikasyon Nasyonal ta dwe suiv demach Akademi an e lonje men ba li pou repete esperyans sa a, paske li pa nòmal pou yon matyè tankou matematik ap anseye nan yon lang pifò elèv pa konprann. Se yon demach ki montre pa gen anyen ki pa posib si gen volonté.

Pou Akademi Kreyòl Aysyen, atelye sa anonse yon gwo chantye ki mande pou tout Ayisyen, tout pwofesyonèl nan edikasyon, tout paran ak tout enstitusyon ta ankouraje ak potekole pou lide anseye matematik an kreyòl la ta tounen yon reyalite nan sistèm edikasyon peyi a. ●



Patisipan nan atelye sou ansèyman matematik an kreyòl

Aktivite sa te dewoule nan (*Direction des Études Post-graduées (DEP)*) e li te genyen plis pase trant (30) pwofesè matematik, etidyant ak de (2) entèvenan: Akademisyen Pierre Michel CHÉRY ak Pwofesè Rodolphe MATHURIN.

Sou bò pa li, Rodolphe MATHURIN ki se pwofesè kreyòl ak matematik esplike li mande elèv yo esplike an kreyòl yon fòmil matematik, men okenn nan yo pa te kapab alòske yo tout konnen menm fòmil sa a an fransè.

Bonjan teknik pou anseye lang kreyòl



Patisipan nan fòmasyon pou pwofesè kreyòl nan vil Gonayiv

Organizeyon seminè fòmasyon pou pwofesè kreyòl Depatman Latibonit, se yonn nan pwen Akademi Kreyòl Ayisen te enskri nan ajanda aktivite li pou selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl nan ane 2018 nan vil Gonayiv. Konsa, vandredi 26 oktòb 2018, soti 9^e nan maten rive 4^e nan aprèmidi, AKA te envite plis pase yon santèn pwofesè nan Lekòl Nasyonal Pon Goden pou te vin suiv fòmasyon sila a ki te dewoule sou tèm **“Didaktik kreyòl, Lang matènèl”**. Kat (4) pèsonalite te mete yo disponib kòm entèvenan pou te rann jounen fòmasyon sa a posib: Pwofesè Junior Fils RENÉ, Fakilte Lengwistik Aplike; Pwofesè Jean Whig NOËL, Fakilte Lenguistik Aplike; Akademisyen Jocelyne TROUILLOT, AKA; Mesye Panaroty FERDINAND, UNESCO.

Benefisyè fòmasyon sila a te soti nan divès komin Depatman an: Vèrèt, Gwomòn, Mamlad, Desalin, Dedin, Sen Michèl, Senmak, elatriye., te resevwa yo chak yon lo dokiman kòm sipò didaktik k ap ede yo pi byen fè travay yo kòm anseyan. Pami dokiman sila yo, nou ka site: Fich pedagojik 1^e ane segondè, Pwogram kreyòl segondè 4, Pwogram pedagojik segondè 1, Pwogram detaye kreyòl segondè 3, Pwogram kreyòl segondè 2, Vèsyon kreyòl dokiman Jesyon Ris ak Dezas la, Bilten AKA #5, Premye Rezolisyon sou ôtograf lang kreyòl la. Nan fen jounen an, patisipan yo te resevwa yon sètifika ki moutre yo te suiv yon fòmasyon sou “Didaktik kreyòl, lang Matènèl”. N ap souliye jounen fòmasyon sa a te jwenn tout kolaborasyon Direksyon depatmantal Ministè Edikasyon Nasyonal Latibonit. ●

Tout élèv segondè renove yo dwe konpoze nan kreyòl kòm matyè nan egzamen ofisyèl yo

Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl mande pou tout élèv segondè renove yo konpoze nan kreyòl nan egzamen ofisyèl sou rekòmandasyon Akademi Kreyòl Ayisen. Nan sans sa a, tout élèv nan

Nouvo Segondè ap gen pou yo konpoze nan kreyòl kòmsadwa, menm jan sa ap fêt depi plizyè ane pou lang tankou anglè ak espagnòl. Nan Sikilè C-11: 340 ki soti nan dat 22 janvye 2019, ki pote siyati Minis Pierre Josué

Agenord CADET, Ministè a presize desizyon sa a, k ap antre an aplikasyon apati ane akademik 2018-2019 la, valab pou kèlkeswa seri élèv k ap suiv (SVT, SMP, SES, LLAP).

Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl jistifye desizyon sila a akoz pozisyon piblik Akademi Kreyòl Ayisyen ak espesyalis nan domèn edikasyon te esprime an favè wòl fondamantal lang kreyòl la nan konsolide inite ak idantite nasyon

nal la: "Lè nou konsidere remak anpil espesyalis nan domèn edikasyon, remak Akademi Kreyòl Ayisyen an sou enpòtans itilizasyon lang kreyòl la nan tout aktivite aprantisaj nan tout nivo nan lekòl anndan peyi a". Akademi Kreyòl Ayisyen bat

bravo ankourajman pou Ministè a kontinye pran lòt desizyon tankou desizyon sila a ki se yon bon pa nan yon bon direksyon pou lang kreyòl la kontinye pran plas ki rele l chèmèt chèmètrès nan sistèm edikasyon ayisen an. ●

Depatman Latibonit resevwa 2^{èm} seri fòmasyon sou komunikasyon kreyòl nan medya pou journalis

Yon ventèn journalis patisipe nan fòmasyon sila a, Akademi Kreyòl Ayisyen te òganize jedi 25 oktòb 2018, soti 9^è pou rive 3^è nan laprèmidi, nan (Centre de Lecture et d'Animation Culturelle) (CLAC) nan Vil Gonayiv. Journalis sa yo te soti nan divès komin Depatman Latibonit tankou: Senmak, Desalin, Dedin, Gwomòn ak Sen Michèl. Fòmatè yo te abòde diferan pwen ak nosyon tankou: Sosyolengwistik, Entèferans kreyòl/fransè.

Anplis, entèvenan yo pa te bouke pataje ak journalis yo kèk teknik ak estrateji komunikasyon yo ta dwe mete an aplikasyon, yon fason pou yo kapab pi byen enfòme popilasyon an an kreyòl. Patisipan ak fòmatè yo te boukante lide tou sou Premye Rezolisyon AKA kon-sènan Òtograf langkreyòlla. Patisipan yo te reyalize anpil egzèsis pratik ki te anime fòmasyon an. Yon lòt bò, Panaroty FERDINAND ki te reprezante UNESCO



Journalis yo poze ak sètifica yo

nan fòmasyon sa a te fè yon prezantasyon sou vèsyon kreyòl dokiman Jesyon Ris ak Dezas la ki te bay patisipan yo bon jan zouti pou enfòme popilasyon an sou fason pou li pwoteje tèt li nan moman malèpan-dye yo. Nan finisman jounen an, Prezidan Akademi an, Akademisyen Jean Pauris JEAN-BAPTISTE ak fòmatè yo: Akademisyen Pierre Michel CHÉRY, Aka-

demisyen Samuel JEAN BAPTISTE ak journalis Jacky MARC te remèt yon sètifica bay chak journalis ki te la. Fòmasyon sila a, se dezyèm nan yon seri Akademi Kreyòl Ayisyen an gen pou li fè pou tout journalis nan tout kwen nan peyi a. Se nan dat 2 me 2018, Akademi an te òganize nan Pòtoprens, premye fòmasyon pou journalis yo. ●

Yon virewon nan Site Solèy

Nan kad aktivi te selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl 2018, yon dele gasyon Akademi Kreyòl Ayisyen vizite Site Solèy, jedi 11 oktòb 2018. Nan yon premye tan manm delegasyon an te anime yon konferans pou pli-zè dizèn elèv nan Lise

Nasyonal Site Solèy kote Prezidan AKA a, Jean Pauris JEAN-BAPTISTE ak Akademisyen Rosilia FRANÇOIS pran anpil plezi koze ak elèv yo sou tèm mwa a: "Tankou tout lang, kreyòl gen règ li, an nou respekte yo". Apre Akademisyen yo te fin reponn divès ke-

syon elèv yo, delegasyon Akademi an te pran che-men Konbit Bibliyotèk Site Solèy. Responsab Konbit yo resevwa AKA ak anpil kontantman. Nan twoke lide, yo te pwofite pataje vizyon yo sou konstriksyon Bibliyotèk la nan Site Solèy epi yo te fè konnen Bibliyotèk sila a tou gen non li

an kreyòl pou montre en-pòtans yo bay travay Akademii an ap mennen pou fè respekte lang kreyòl la.

Prezidan Akademi an te pwofite remèt responsab bibliyotèk la yon lo liv kreyòl. ●



Delegasyon AKA ak elèv lise Site Solèy yo

Akademi Kreyòl Ayisyen resevwa vizit kèk lekòl

Plizyè lekòl vizite Akademii Kreyòl Ayisyen nan lide pou pèmèt yo konprann epi konnen fonksyònman enstisyon an. «Collège Marie Esther» ak «Collège Méthodiste des Frères» se de (2) pam i lekòl ki te vizite lokal Akademi an nan ane 2019 la.

4 fevriye 2019, elèv Collège Marie Esther yo te gen chans boukante lide ak Akademisyen nan lokal AKA, vizite bibliyotèk la

(sal espozisyon AKA), fè konesans ak anplwaye yo epi poze divès kesyon sou misyon AKA ak sa li reyalize depi kreyasyon li nan lane 2014.

Yon lòt kote, 1e mas 2019 se te yon delegasyon elèv Collège Méthodiste des Frères ki te vizite AKA kote yo te pwofite poze divès kesyon sou kreyasyon Akademi an ak misyon li genyen. Elèv yo te pase yon bon tan ap fè lekti divès dokiman an kreyòl AKA espoze.



Vizit kèk elèv nan AKA

Aprè sa, Akademisyen ki te preznan yo te organize yon konkou lekti ak dis (10) elèv kote senk (5) nan yo te genyen nan konkou sa a epi yo chak te resevwa yon liv kreyòl. Aktivite sila a louvri pou tout lekòl oubyen lòt gwoup ki vle vizite Akademi an pou yo kapab pi byen konprann sans travay AKA ap reyalize nan peyi a. ●

AKA ak UNESCO angaje yo nan pwodiksyon dokiman kreyòl sou Jesyon Ris ak Dezas

Akademi Kreyòl Ayisyen, nan tètkole ak UNESCO epi (*Direction de la Protection Civile*) (Direksyon Pwoteksyin Sivil) te reyalize yon jounen refleksyon, 9 oktòb 2018 nan otèl Best Western, Petyonvil sou enpòtans itilizasyon lang kreyòl la nan komunikasyon ak sansibilizasyon konsènan Jesyon Ris ak Dezas nan peyi a. Yo te reyalize aktivite sa a nan sousi pou mete kreyòl la nan demach sansibilizasyon Leta ap fè pou sitwayen yo kapab pi byen pwoteje tèt yo kont dega fenomèn natirèl yo. Twa (3) espesyalis nan koze ris ak dezas: Claude PREPETIT, Nicole FRANÇOIS ak Gérard MÉTAYER te anime atelye sila a. Entèvenan yo te pale sou itilizasyon lang kreyòl kòm zouti sansibilizasyon epi kòm mwayen pou diminye malèpandye tankou tranblemanntè, sounami ak lòt dezas natirèl yo. Jounen refleksyon

sa a te rasanble anviwon 40 patisipan ki te soti nan diferan enstitusyon tankou: MENFP/DFP, PNUD, Enfo fanm, SEA, FAMV ak plizyè medya. ●



Gérard METAYER se yonn nan entèvenan kite prezante dokiman sou Jesyon Risk ak Dezas

Kalandriye aktivite celebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl 2019 la

Aktivite		Dat / Lè	Lokal
I	Konferans pou Laprès	Madi 1 ^{ère} oktòb, 10 ^è AM	Akademi Kreyòl Ayisyen
II	Seremoni ofisyèl lansman Mwa kreyòl 2019 la	Vandredi 4 oktòb, 10 ^è AM	Oditionyòm (<i>Sainte Rose de Lima</i>)
III	Konferans nan inivèsite ak nan lekòl	Pandan tout mwa oktòb la	Inivèsite Notre-Dame, Inivèsite Karayib...
IV	Lansman Gran Pri Nasyonal Akademi Kreyòl Ayisyen	9 oktòb	Le Plaza
V	“Mardi du livre”, AKA / DNL	Madi 8, 22, 29 oktòb	DNL
VI	Kafe Lodyans “Sou chimen Akademi Kreyòl Ayisyen”	Vandredi 18 oktòb, 6 ^è PM	Otèl Le Plaza
VII	Konferans, Vantsiyati nan Sant N A RIVE	28 oktòb	Monreyal
VIII	Aktivite AKA nan Dyaspora	5, 12, 26 oktòb	Miyami, Nouyòk, Wachintonn
IX	Aktivite celebrasyon Jounen Entènasyonal lang ak kilti kreyòl	23 pou 27 oktòb	Plato santral

Espas lektè yo

Pou ou bay lide ou sou travay Akademi Kreyòl Ayisyen fè déjà ak lòt travay li ta dwe fè ! Si ou bezwen enfòmasyon sou Akademi Kreyòl Ayisyen an!

Ekri Akademi an sou:

direksyonkominikasyon@akademikreyol.net oubyen ou ka vizite paj facebook Akademi an: facebook/akademikreyol ak sit entènèt li : www.akademikreyol.net

Pwovèb kreyòl

Bat bouch fè grangou pè

Vye frè mwen, se pou m pa rete chita wi ki fè mwen kenbe men ak ti travay la. Se pa kòb nèg touche non. Olye pou m re chita ap gade mouch vole, m ap bat zèl mwen nan ti woulman sa a toujou. Kondi granmoun lontan « bat bouch fè grangou pè ». Piti kon li piti, pito sa.

Bon chanjman rale pratik

Mesye o o ! Gade jan lekòl la chaje ak elèv ane sa a, sa ki pase menm ? Fòk m chache konnen wi. Monchè se nòmal wi ! « Bon chanjman rale pratik ». Gen bon mèt fòme nan lekòl la kounyea, elèv vide sou moun yo.

Ekip Bilten an

Pwodiksyon

Direksyon Kominikasyon AKA

Redaksyon

Anivince JEAN BAPTISTE
Iléus PAPILLON
Jean Emile PAUL

Koreksyon

Jean Rony BEAUCICAULT
Luna GOURGUE

Revizyon

Komisyon Kominikasyon AKA

Konsepsyon

Fedalson DESTINE

Piblikasyon

Sekretarya Egzekitif AKA

AKADEMI KREYÒL AYISYEN

#6, Ri des Marguerites, Turgeau, Pòtoprens, Ayiti

(509) 3333-0817

direksyonkominikasyon@akademikreyol.net

www.akademikreyol.net